

Notifikasyon

(Non òganizasyon an) _____ pa pratike diskriminasyon sou baz enfimiite nan admisyon, aksè oswa fonksònman pwogram, sèvis ak aktivite li yo. (Non òganizasyon an) _____ pa pratike diskriminasyon sou baz enfimite nan pratik anbochaj oswa travay li.

Yo pibliye notifikasyon an selon kondisyon Tit II *Americans with Disabilities Act of 1990* (Lwa 1990 An Favè Sitwayen Ameriken ki Andikape).

Yo kapab adrese kesyon, enkyetid, plent oswa demann pou lòt enfòmasyon konsènan ADA ba Kouwòdonatè Konsilyasyon ADA (non òganizasyon an) deziyen pou sa.

Non: _____

Tit: _____

Adrès Biwo: _____

Nimewo Telefòn: Vwa _____ TDD _____

Jou/Orè li Disponib: _____

Yo envite moun ki bezwen èd siplemantè pou bonjan komunikasyon nan pwogram ak sèvis (non òganizasyon an) pou yo fè Kouwòdonatè Konsilyasyon ADA a konnen bezwen ak preferans yo.

Notifikasyon sa a disponib an gwo karaktè, kasèt odyo ak Bray nan biwo Kouwòdonatè Konsilyasyon an.

Tit II- Sèvis Piblik

Gouvènman leta ak gouvènman lokal pa kapab pratike diskriminasyon kont moun enfim ki ranpli kondisyon yo. Tout moun dwe jwenn aksè nan nouvo konstriksyon ak amenajman nan bilding ki egziste yo. Bilding ki egziste yo dwe satisfè kondisyon aksesibilite pwogram ki annakò avèk Seksyon 504 *Rehabilitation Act of 1973* (Lwa 1973 sou Reyabilitasyon).